

دَاخْ نَنْ عِيسَى بَ بَنْتِ

نُ جُجِّي كَ بَ تِيرَبَ اِنْجِيلِ

لُوڭ سَاڙ 56.23-66.22

عِيسَى جَنُو نَاكُ پِلَاتِ اَكُ اِزْدِ

66 بَ بَتْ سَتِي، مَبُولُومَ مَكِ اَسَكَنْ يُوْتِ، اَكُ
سَرْخَلَكْتِ يِي مَدُ يِي، اَكُ فِرِكَتِ يُونُ يِي، نِپِ
دَجِ: نِ يِبُ عِيسَى بَ سِينُ كِرْلُ اَبُ بَ: 67 نِ نِ
كُ: «سُو دِي اَلْمَسِ، وَخُ نِ كُ:» مَرُ نِ لِينِ: «سُ مَرُ
لِينِ كُ وَخِي، دُنْكَيْنِ مَرُ كَمُ: 68 بَ سَ مَرُ لِينِ لَاجِي،
دُنْكَيْنِ تَنْتُ: 69 وَايِ كَنَّاوُ-سِ-تِي، دَوْمُ نِتِ كِ
مُوِي تُوڭ بَ نِدْجُوڙِ يِلْ، اَجِ مَنُ جِ:» 70 نِپِ دَلْدِ نِ:
«كُنْ يَايِ دَوْمُ يِلْ؟» مَرُ نِ لِينِ: «پِينِ وَخَلْ سِينِ
بُپِ نِ مَنُ لَ:» 71 نِ نِ نَكُ: «لُ نِي دُپِيَتِ سِيدِ،
كَنَّاوُ نُنْ بَ سُنْ بُپِ نُو كِ دِكُ بَ كَمِينِمُ!»

Daaj nañu Issa ci bant

ñu jukkee ko ci Téereb Injiil

Luug saar 22.66-23.56

Issa janoo naak Pilaat ak Erodd

66 Ba bët setee, mbooloom magi askanu Yawut, ak sarxalkat yu mag ya, ak firikati yoon ya, ñépp daje. Ñu yóbbu Issa ca seen kurélu àtte ba. 67 Ñu ne ko: «Soo dee Almasi, wax nu ko.» Mu ne leen: «Su ma leen ko waxee, dungeen ma gëm. 68 Te su ma leen laajee, dungeen tontu. 69 Waaye gannaaw-si-tey, Doomu nit ki mooy toog ci ndijooru Yàlla, Aji Man ji.» 70 Ñépp daldi ne: «Kon yaay Doomu Yàlla?» Mu ne leen: «Yeena waxal seen bopp ne man la.» 71 Ñu ne nag: «Lu nuy doyeeti seede, gannaaw nun ci sunu bopp noo ko dégge ci gémminam!»

23 Gannaaw loolu mbooloo ma mépp jóg, daldi yóbbu Issa ca Pilaat. 2 Ñu tàmbali di ko sosal, naan: «Kii lanu fekk muy fàbbi askan wi, di aaye ku fey Sesaar galag, te naan moom ci boppam mooy Almasi, di buur.» 3 Pilaat laaj ko ne ko: «Yaa di buuru Yawut yi?» Mu ne ko: «Yaa ko wax.» 4 Pilaat ne sarxalkat yu mag ya ak mbooloo ma: «Waa jii, gisuma ci moom genn tooñ.» 5 Teewul ñu gëna dëggal seeni wax, ne: «Mooy yékkati askan wi, ndax li muy jàngle ci mboolem réewum Yawut, dale ko ca Galile ba fii.»

6 Pilaat dégg loolu, daldi ne: «Waa jii waa Galile la?» 7 Ba mu wóoree Pilaat ne ca diiwaan, ba ca kilifteefu Erodd la Issa bokk, ca la ko yónnee Erodd, yemook Erodd itam nekk Yerusalem ca fan yooya.

⁸ Ba Erodd gisee Issa, bég na lool, ndax yàggoon na koo bégga gis, ngir la mu déggoon ay mbiram, ba tax mu yaakaara teewe ay kéemaanam. ⁹ Mu laaj ko lu bare, Issa tontuwu ko. ¹⁰ Sarxalkat yu mag ya ak firikati yoon yaa nga taxaw, di ko tuumaal ak doole. ¹¹ Erodd aki dagam nag sewal Issa, di ko ñaawal. Gannaaw loolu mu solal ko mbubb mu yànj, delloo ko Pilaat. ¹² Erodd ak Pilaat, bésub keroog ay xarit lañu, doonte ay noon lañu woon.

¹³ Ci kaw loolu Pilaat woo sarxalkat yu mag ya, ak njiit ya ak askan wa. ¹⁴ Mu ne leen: «Yeena ma indil waa jii, ne ma mooy lajjal askan wi. Man nag laaj naa ko ci seen kanam, waaye gisuma ci moom genn tooñ ci li ngeen ko tuumaal. ¹⁵ Erodd itam gisul lenn ci moom, ndax moo nu ko yónneewaat. Mu ngoog, waa jii deful lenn lu jar àtteb dee. ¹⁶ Kon nag dama koy dóorlu, yiwi ko.» ¹⁷ Booba fàww Erodd bàyyil leen kenn ca bésu màggal ga. ¹⁸ Népp daldi xaacoondoo, ne: «Reyal kii te yiwil nu Barabas!»

¹⁹ Barabas nag fippu gu amoon ca dëkk ba, ak nit ku ñu fa bóom, moo waral ñu tëj ko kaso. ²⁰ Pilaat namma bàyyi Issa, daldi waxaat ak mbooloo ma. ²¹ Teewul ñuy xaacu, naan: «Daaj ko ci bant! Daaj ko ci bant!»

²² Pilaat ne leen ñetteel bi yoon: «Ana lu bon lu kii def? Lenn lu jar dee, gisuma ko ci moom. Kon nag, dama koy dóorlu, yiwi ko.» ²³ Nu gënatee xaacu, di sàkku ñu daaj ko ci bant. Seen coow la mujj ko ëpp doole. ²⁴ Ci kaw loolu Pilaat dogal ñu defal leen la ñu sàkku. ²⁵ Mu yiwi ka ñu ko ñaanoon, te jëfi fippu ak nit ku ñu bóom taxoon ñu tëj ko kaso. Issa nag, mu teg ko ci seeni loxo, ngir ñu def ko lu leen neex.

Daaj nañu Issa ci bant

²⁶ Ba ñuy yóbbu Issa, jenn waay ju dëkk Siren, ñu di ko wax Simon, moom lañu dajeel, mu jóge ca tool ya. Ñu teg bant

23 كَنَّاو لُولُ مَبُولُو مَرِّ مِپِّ جُكُّ، دَلِدِ
 يُبُّ عَيْسَى تَ پِلَاتِ: ﴿٢﴾ نِ ثَمْبَلِ دِ
 كُ سَسَلْ، تَانْ: «كِي لَنْ فِكِّ مِي فَبِ آسَكَنْ
 وِ، دِ آيِ كُ فَيِ سَسَارْ كَلَكُّ، تَ تَانْ مَوْمَرِ تَ
 بَيْتَمُ مَوِيِ أَلْمَسِ، دِ بُوزِ:» ﴿٣﴾ پِلَاتِ لَاجْ كُ نِ كُ:
 «يَا دِ بُوزِ يُوْتِ يِ؟» مَرِّ نِ كُ: «يَا كُ وَخْ:»
 ﴿٤﴾ پِلَاتِ نِ سَرَخَلَكْتِ يِ مَكِّي آكُ مَبُولُو مَرِّ:
 «وَا جِي، كِسَمَرِ تَ مَوْمَرِ كَنْ تُونِ:» ﴿٥﴾ تِيُولُ نِ كَنْ
 دُكَلِ سِينِ وَخْ، نِ: «مَوِيِ پِكْتِ آسَكَنْ وِ،
 نَدَخْ لِ مِي جَنْگَلِ تَ مَبُولُمُ رِيَوْمُ يُوْتِ، دَلِ كُ
 تَ كَلِ تَ فَيِ:»

﴿٦﴾ پِلَاتِ دِكُّ لُولُ، دَلِدِ نِ: «وَا جِي وَا كَلِ لَ؟»
 ﴿٧﴾ تَ مَرِّ وُورِيِ پِلَاتِ نِ تَ دِيَوَانْ، تَ تَ
 كِلْفَيْفُ إِزْدِ لَ عَيْسَى بُكُّ، تَ لَ كُ يَيْيِ إِزْدِ،
 پَمُوكُ إِزْدِ إِتَمَرِ نَكُّ پَرَسَلِمُ تَ فَنْ يُوِيِ:»

﴿٨﴾ تَ إِزْدِ كِسِيِ عَيْسَى، پَكُّ نِ لُولُ، نَدَخْ يَكُونُ
 نِ كُو بُكُّ كِسْ، نَكِرْ لَ مَرِّ دِكُونُ آيِ مَبِرْمُ، تَ

تَخُّ مَرُّ يَكَارَ تَيُّو أَي كِيمَانَمُ. 9 مَرُّ لَاجِ كَلُّ بَرِّ،
 عَيْسَى تَنْتُو كَلُّ. 10 سَرْخَلَكْتِ يِي مَكِّي آكِي
 فِرِكْتِ يُونُ يَا نَكَّ تَخَوُّ، دِ كَلُّ تَوْمَالِ آكِي دُولُ.
 11 إِزْدَّ آكِي دَكَمَّرُ نَكُّ سَوَلُ عَيْسَى، دِ كَلُّ يَأُولُ. كَنَّاوُ
 لُولُ مَرُّ سَلَلُ كَلُّ مَبَّبُ مَرُّ يَنْجُ، دِلُّو كَلُّ پَلَاثُ. 12 إِزْدَّ
 آكِي پَلَاثُ، پَسْبُ كَزُو كَلُّ أَي حَرْتِ لَيْنُ، ذُونَتِ
 أَي تُونُ لَيْنُ وُونُ.
 13 بَلُّ كَلُّ لُولُ پَلَاثُ وُو سَرْخَلَكْتِ يِي مَكِّي،
 آكِي نَجِيثِ يِي آكِي آسَكْنُ وَ. 14 مَرُّ نِ لَيْنُ: «پِينُ
 مَرُّ إِندِلُ وَآ جِي، نِ مَرُّ مَوِي لَجَلُّ آسَكْنُ وَ. مَنُ
 نَكُّ لَاجِ نَا كَلُّ بَلُّ پَسِينُ كَنَمُ، وَآي كِسَمَرِ بَلُّ مَوْمُ
 كَلُّ تُونُ بَلُّ لِي نَكِينُ كَلُّ تَوْمَالُ. 15 إِزْدَّ إِتَمُّ كَسَلُّ
 لَيْنُ بَلُّ مَوْمُ، نَدَخُ مَوْنُ كَلُّ يُيِيوَاثُ. مَرُّ نَكُو كَلُّ، وَآ
 جِي دِفُلُّ لَيْنُ لُ جَزُّ أَتَّبُ دِي. 16 كَلُّ نَكُّ دَمَرُ كَلُّ
 دُوزُلُ، يُو كَلُّ.» 17 بُوَبُ فُو إِزْدَّ بِيَلُّ لَيْنُ كَلُّ بَلُّ
 پَسُ مَكَلُّ كَلُّ. 18 پِي پَلُّ دَلُّ خَاوُونْدُو، نِ: «رِيَلُّ كِي
 بَلُّ يُولُ نِ بَرِّ بَس!»

ba ñuy daaj Issa, ngir mu gàddu ko, topp ca moom. ²⁷Nit ñu bare nag topp ko, jigéen ñay yuuxu, di ko jooy. ²⁸Issa geesu leen, ne: «Yeen jigéeni Yerusalem, buleen ma jooy! Joyleen seen bopp ak seeni doom. ²⁹Ay janta ngi ñëw kat, dees na ca ne: “Ndokklee jigéen ju tëlee am doom, masula jur, masula nàmpal!” ³⁰Su boobaa,

“Nit ñee naan tund yu mag yi: ‘Daanuleen ci sunu kaw!’,

naan tund yu ndaw yi: ‘Suul-leen nu!’ ”

³¹Ndegam bant bu tooy lees di def nii, ana nu bant bu wow di mujje?»

³²Yóbbaaale nañu itam ñaari saay-saay, ngir boole leen ak Issa, rey leen. ³³Ba ñu agsee ca bérab, ba ñuy wax Kaanju bopp, fa lañu daaj Issa ci bant, daajaale ñaari saay-saay ya, kenn ca ndijooram, ka ca des ca càmmoñam.

³⁴Ci kaw loolu Issa ne: «Baay, baal leen, ndax li ñuy def, xamuñu ko.» Ñu daldi tegoo bant ay yéream, ngir séddoo ko. ³⁵Mbooloo maa nga taxaw di seetaan, njiit ya ñoom di ko kókkali, naan: «Musal na ay nit; na musal boppam nag, ndegam mooy Almasib Yàlla, ki ñu fal!» ³⁶Takk-der ya it di ko ñaawal. Ñu dikk, tàllal ko bineegar, ngir mu naan.

³⁷Ñu ne ko: «Gannaaw yaa di buuru Yawut yi, musalal sa bopp!»

³⁸Ñu bindal ko nag fa ko tiim, mbind mii: «Kii mooy buuru Yawut yi.»

³⁹Kenn ca saay-saay ya ñu wékkoon ci bant, di ko xas, naan ko: «Xanaa du yaw yaay Almasi? Wallul sa bopp te wallu nu!»

⁴⁰Moroom ma nag femmu ko, ne ko: «Ragaloo sax Yàlla, te yaa ngi ci menn mbugal mii? ⁴¹Nun sax, lii jaadu na ci nun, ndax sunu yoolu jéf lanu jot. Waaye kii deful dara lu teggi yoon!» ⁴²Mu teg ca ne: «Issa, boo désee ci sa nguur, fàttliku ma!» ⁴³Issa ne ko: «Yaw laa ne déy, bésub tey jii, man ngay nekkal fa Àjjana.»

Issa saay na

⁴⁴Ba ñu demee ba tollu wetu fukki waxtu ak ñaar ca bëccëg, ag lëndëma wàcc ca réew ma mépp, ba fukki waxtu ak juróom ca ngoon. ⁴⁵Naka la jant bi giim, ridob biir néegu Yàlla ba xar ca digg ba.

⁴⁶Ci kaw loolu Issa àddu ca kaw, ne: «Baay, jébbal naa la samag noo!» Ba mu waxee loolu la dee. ⁴⁷Njiitu takk-der ba ko teewe woon nag sàbbaal Yàlla, ne: «Aylayéwén, waa jii ku jub la.»

⁴⁸Ba loolu amee mboolem ña fa daje woon di seetaan te teewe loolu, ñépp dellu seeni kër, tey fëgg seen dënn ndaxu tiis. ⁴⁹Mboolem xamey Issa, ak jigéen ña ko toppe woon ca Galile, ña nga dànd lu sore, di seetaan.

Rob nañu Issa

⁵⁰Ndeke jenn waay ju ñuy wax Yuusufa, ma nga bokkoon ca kurélu àttekati Yawut ya. Ku baax, ku jub la woon.

⁵¹Kooku ànduloon ca àtteb kurél ga ak seen jëf jooju. Ma nga cosaanoo woon dëkkub Yawut ba ñuy wax Arimate, te moom itam, nguuru Yàlla la doon séentu. ⁵²Moom moo dem ca Pilaat, sàkku ci moom, mu jox ko néewub Issa.

⁵³Gannaaw loolu mu wàccee ko ca bant ba, laxase ko càngaayal lëe, denc ko ci bàmmel bu ñu yett ciw doj, te maseesu caa denc ab néew. ⁵⁴Bésub Waajal la woon, bésub Noflaay bi ci topp di waaja taxaw. ⁵⁵Fekk na jigéen ña dale wona ànd ak Issa ca Galile, ña nga topp ca Yuusufa. Ñu gis bàmmel ba, ak na ñu ca dence néew ba. ⁵⁶Ba loolu amee ñu dellu, waajali cuuraay ak diwu xeeñlu ngir néew ba. Bésub Noflaay nag taxaw, ñu dal-lu, ni ko yoon santaanee.

¹⁹بَرَبَسْ نَكُ فِئْ كُ اَمُونْ تَ دُكَّ بَ، اَكْ نِثْ
كُ نِ فِ بَوْمِ، مَو وَرَلْ نِ تُجْ كُ كَسْ. ²⁰پَلَاثْ
نَمَّرْ بِي عَيْسَى، دَلِدِ وَخَاثْ اَكْ مَبُولُو مَر. ²¹تِيُولُ بِي
خَاثْ، نَانْ: «دَاخْ كُ بَ بِنْتْ! دَاخْ كُ بَ بِنْتْ!»
²²پَلَاثْ نَ لَيْنِ پَيْتِيلِ بَ يُونْ: «أَنْ لُ بِنُّ لُ
كِي دَفْ؟ لِنُّ لُ جَزِ دِي، كِسْمَرِ كُ بَ مَوْمِ،
كُنْ نَكُ، دَمَرِ كِي دُوزُلْ، يَوِ كُ.» ²³نِ كُنْتِي
خَاثْ، دِ شَكُّ نِ دَاخْ كُ بَ بِنْتْ. سَيْنِ تُوُوْ
لَ مَجَّ كُ اَبِّ دُولِ. ²⁴بَ كَوِ لُولِ پَلَاثْ دُكَلْ
نِ دَقَلِ لَيْنِ لَ نِ شَكُّ. ²⁵مُرِ يَوِ كُ نِ كُ يَانُونْ،
بَ جِفِ فِئْ اَكْ نِثْ كُ نِ بَوْمِ تَخُونِ نِ تُجْ كُ
كَسْ. عَيْسَى نَكُ، مُرِ تَكُ كُ بَ سَيْنِ لَخْ، نَكِرْ نِ
دَفْ كُ لُ لَيْنِ نِيخْ.

دَاخْ نِنِ عَيْسَى بَ بِنْتْ

²⁶بَ بِي يَبُّ عَيْسَى، جِنِّ وَايِ جُ دُكَّ سِرْنِ، نِ
دِ كُ وَخْ سِمْعْ، مَوْمِ لِنِ دَجِيلِ، مُرِ جُكَّ تَ تُولِ يِ.

رَبِّ نَبِيِّ عِيسَى

50 نَدِكْ جَنِّ وَايِ جُ يُبِي وَخَ يُوْسَفَ، مَرَّ نَكَّ بَكُونُ
 تَ كُرْلُ اُنْكَبَتِ يُوْتُ يَ: كُ باخُ، كُ جُبُ لَ
 وُونُ: 51 كُوَكُ اُنْدَلُونُ تَ اُنْبُ كُرْلُ كَ اَكُ سِينُ
 جُفُ جُوَجُ: مَرَّ نَكَّ نُسَانُو وُونُ ذَكْبُ يُوْتُ بَ يُبِي
 وَخَ اَرْمَتِ، تَ مُومُ اِتْمُ، نَكُوْرُ يَلُ لَ ذُونُ سِينْتُ:
 52 مُومُ مُو دَمُ تَ پِلَاتُ، شَكُّ بَ مُومُ، مُرَّ جُخُ كُ
 نِيُوْبُ عِيسَى: 53 كَنَّاوُ لُوْلُ مُرَّ وُيِّي كُ تَ بَنْتُ
 بَ، لَحْسُ كُ نُنْكَايِلُ لِي، دَنْتُ كُ تَ بَمِيْلُ بَ نِ
 پَتُّ يُو دُجُ، تَ مَسِيْسُ تَا دَنْتُ اَبُ نِيُو: 54 پَسْبُ
 وَاجِلُ لَ وُونُ، پَسْبُ نُفَلَايِ بَ بَ تِپُّ دِ وَاجِ
 تَخُو: 55 فِكُّ نَ جِكِيْنُ نِ دَلُ وُونُ اَنْدَا كُ عِيسَى
 تَ كَلِلُ، نِ نَكَّ تِپُّ تَ يُوْسَفَ: نِ كِسُ بَمِيْلُ
 بَ، اَكُ نَ نِ تَ دَنْتُ نِيُو بَ: 56 بَ لُوْلُ اَمِي نِ
 دَلُ، وَاجِلُ نُورَايِ اَكُ دُو خِيْنَلُ نَكَّرُ نِيُو بَ: پَسْبُ
 نُفَلَايِ نَكَّ تَخُو، نِ دَلُ-لُ، نِ كُ يُونُ سَنْتَانِي:

نِ تَكُّ بَنْتُ بَ يُبِي دَاخُ عِيسَى، نَكَّرُ مُرَّ كُدُّ كُ،
 تِپُّ تَ مُومُ: 27 نِتُّ نِ بَرَّ نَكُّ تِپُّ كُ، جِكِيْنُ يَبِي
 يُوخُ، دِ كُ جُوِي: 28 عِيسَى كِيْسُ لِيْنُ، نِ: «پِيْنُ
 جِكِيْنُ پُرْسَلْمُ، بُلِيْنُ مَرَّ جُوِي! جُوِيْلِيْنُ سِيْنُ بِپُّ
 اَكُ سِيْنُ ذُوْمُ: 29 اَيِ جَنْتُ نَكُّ يُو كَتُّ، دِيْسُ
 نَ تَ نِ: «نَدَكَلِي جِكِيْنُ جُ تِلِي اَمُ ذُوْمُ، مَسَلُ
 جُرُ، مَسَلُ نَمِيْلُ!» 30 سُ بُوْبَا،

نِتُّ پِي نَانُ تَنْدَايِ مَكِّي: «دَانَلِيْنُ بَ سُنُّ
 كُو!»،

نَانُ تَنْدَايِ نَدُوِي: «سُوْلُ-لِيْنُ نُ!» <

31 نَدِكْمُ بَنْتُ بَ تُوِي لِيْسُ دِ دَفُ نِي، اَنُّ نِ
 بَنْتُ بَ وُو دِ مَجُّ؟»

32 يَبَالُ نِنِ اِتْمُ يَارِ سَايِ-سَايِ، نَكَّرُ بُوْلُ لِيْنُ اَكُ
 عِيسَى، رِي لِيْنُ: 33 بَ نِ اَكْسِي تَ پَرَبُ، بَ
 يُبِي وَخَ كَاغُ بِپُّ، فَ لِنِ دَاخُ عِيسَى بَ بَنْتُ،
 دَاجَالُ يَارِ سَايِ-سَايِ يِ، كِنُّ تَ نَدِجُوْرَمُ، كُ
 تَ دِشُ تَ نَمِيْمُ:

٣٤ ٻ ڪو لول عيسيٰ ن: «باي، بال لين، ندخ
ل يئي دف، خمين ڪي» ن دلدا تگو بنت اي
پرپم، نگز سدو ڪي. ٣٥ مبولو ما نگ تخو د سبتان،
نجيت ي يوم د ڪ ڪگل، نان: «مسئل ن اي
نت؛ ن مسئل بيم نگ، ندگم موي الميب يل،
ڪ ن قل!» ٣٦ تگ-دزي ات د ڪ ياول: ن دگ،
تلل ڪ بينگر، نگز م نان. ٣٧ ن ن ڪ: «گناو يا
د بور يوت ي، مسئل س بپ!»

٣٨ ن بندل ڪ نگ ف ڪ تيم، ميند مي: «ڪي
موي بور يوت ي.»

٣٩ ڪن ت ساي-ساي ي ن وگون ت بنت،
د ڪ خس، نان ڪ: «خنا د يو ياي الميس؟ ولل
س بپ ت ول ن!» ٤٠ مزوم م نگ فم ڪ، ن ڪ:
«رگلو سخ يل، ت يا نگ ت من مگل مي؟ ٤١ نن
سخ، لي جاد ن ت ن، ندخ سن يول جف لن
جت. واي ڪي دفل در ل تگ يون!» ٤٢ م تگ ت
ن: «عيسيٰ، بو دلبي ت س نگو، فتلك م!»

٤٣ عيسيٰ ن ڪ: «يو لا ن دي، سب تي جي،
من نغي نگل ف اجن.»

عيسيٰ ساي ن

٤٤ ٻ ن دمي ٻ تل وٽ فگ وخت اڪ ياز
ت بنگ، اڪ لندم وٽ ت ريو م مپ، ٻ فگ
وخت اڪ جزوم ت نگون. ٤٥ نڪ ل جنت ٻ
گيم، رذب پير نيگ يل ٻ خز ت دگ ٻ.

٤٦ ٻ ڪو لول عيسيٰ اڏ ت گو، ن: «باي،
جبل نا ل سمگ نو!» ٻ م وحي لول ل دي.
٤٧ نجيت تگ-دز ٻ ڪ تيو وون نگ سبال يل،
ن: «ايلبون، وا جي ڪ جب ل.»

٤٨ ٻ لول امي مبولم ن ف دج وون د سبتان
ت تيو لول، پي دل سين گر، تي فگ سين
دن ندخ تيس. ٤٩ مبولم خمي عيسيٰ، اڪ جگين
ن ڪ تپ وون ت گلل، ن نگ دند ل سر، د
سبتان.